3. Dilbar, T. (2023). The power of listening in language learning. *European international journal of multidisciplinary research and management studies, 3* (07), 14-17.
4. Sadullaeva, A., & Tursinbaeva, D. (2023). The importance of discussion skills in teaching English. *Scholar, 1*(18), 186-188.
5. Садуллаева, А. (2022). The problem of the interdependence between language and culture. *Ренессанс в парадигме новаций образования и технологий в XXI веке*, (1), 54–56. https://doi.org/10.47689/innovations-in-edu-vol-iss1-pp54-56
6. Sadullaeva, A. (2018). DIFFERENT ASPECTS OF TEACHING FOREIGN LANGUAGES AT THE CLUB WORKS. *BRIDGE TO SCIENCE: RESEARCH WORKS*, 79.
7. Турсинбаева, Д., & Садуллаева, А. (2023). Является ли чтение по-прежнему основным источником увеличения словарного запаса? *Ренессанс в парадигме новаций образования и технологий в XXI веке, 1*(1), 434-436.
8. Thompson, G. & Liu, J. (2022). The Effectiveness of Authentic Listening Materials in the Classroom. Language Teaching Research, 26 (1), 84-102.

## QARAQALPAQ XALÍQ DÁSTANLARÍNDA TÚS MOTIVINIŃ QOLLANÍLÍW ÓZGESHELIKLERI

*Kulımbetova Aysholpan Kuatbayevna*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı tayanısh doktorantı*

Tús haqqında kóp pikirler aytılǵan, jazılǵan, mine usı pikirlerdi bir jerge jıynap jámlew kóp waqıt hám úlken imkaniyattı talap etedi. Biraq tús arnawlı túrde az úyrenilgen. Sonıń ushın bul temadaǵı ilimiy ádebiyatlar barmaq penen sanap kórsetetuǵın sıyaqlı. Sonday bolsa da, ol barlıq dáwirlerde filosoflarda, tariyxshılarda, ádebiyatshılarda júdá úlken qızıǵıwshılıq oyatıp kelgen. Dáwirdiń rawajlanıwınıń barlıq basqıshlarında túske áhmiyet berilmegen jaǵdaydı kóre almaymız. Erte dáwirlerden-aq ata-babalarımız túske júdá úlken itibar menen qaraǵan, olardaǵı ramziy belgilerdiń sırı hám mánisin ańlawǵa háreket qılǵan. Mine usınıń nátiyjesi retinde, tústiń hártúrli jorılıwı kelip shıqqan. Qaraqalpaq xalıq dástanları xalıq awızeki dóretiwshiliginiń áhmiyetli janrlarınan biri bolıp, onda xalıqtıń tariyxı, mádeniyatı, dúnyaqarası hám isenimi sáwlelengen. Qaraqalpaq xalıq awızeki dóretiwshiligi, ásirese, dástanshılıq dástúri, xalıqtıń mádeniy miyrası, estetikalıq dúnya qarası hám ruwxıy qádiriyatlarınıń ayqın kórinisi ekenligi belgili. Bul dástanlarda tús motivi oraylıq orınlardan birin iyeleydi hám xalıqtıń arzıw-úmitleri, jeke insanıy isenimleri hám áyyemgi isenimleri menen tıǵız baylanıslı. Túsler arqalı waqıyalardıń rawajlanıwı, qaharmanlardıń ishki dúnyasınıń ashılıwı, sonday-aq, joqarı ádep-ikramlılıq ideyalarınıń jámlengeni baqlanadı. Batırdıń tuwılıwı tuwralı xabar kóbinese onıń ata-anasınıń tús kóriwi, sol túste pirleriniń ayan beriwi arqalı ámelge asadı. Bul aytılǵan tús kóriw motivi biziń kórkem ádebiyatımızda jaqın arada payda bolǵan termin emes. Onıń túp-tamırı júdá tereńde, xalıq bolıp qáliplesip, awızeki ádebiyatı payda bolǵan waqıtlarda-aq jırawlar tárepinen onı dástanlarǵa ásirese qaharmanlıq hám ashıqlıq dástanlarǵa kórkemlew usıl retinde qosıp, ózleriniń aytar oyların ótkirlestiriw maqsetinde paydalanǵan. Folklorlıq qaharmannıń tús kóriwi burınnan kiyatırǵan motiv bolıp qaharmannıń batırlıǵın, aqıllılıǵın hám bolajaq islerdiń aldınnan boljanatuǵın kórsetetuǵın bolǵan.

Bul aytılǵan tús kóriw, tús jorıw jırdıń ekspoziciyasında ushırap, qaharmannıń ózgeshe ekenligi, onıń hámme menen birdey emesligi ájayıp jaratılısı tús motiviniń bayanlanıwınan kórinedi. Tuwılajaq batırdıń karamatlı áwliyelerdiń názerlerinen dúnyaǵa keliwi tuwılıw motiviniń quramında járdemshi wazıypasın atqarıp tur. Usı jerde biz, J.Eshonquldıń mına pikirlerine júginiwdi maqul taptıq. “Folklor ápiwayı sóz óneriniń úlgisi emes, bálki hárbir millettiń ózligin, onıń ullılıǵın kórsetiwshi, xalıq penen

birge jasap, birgelikte rawajlanıp kiyatırǵan milliy qádriyat bolıp barlıq kórkem óner tarawlarınıń aynası bolıp tabıladı."[1:68] Haqıyqatında da xalıq awızeki ádebiyatında xalqımızdıń ózligi, janına, qanına sińip ketken milliy úrp-ádet dástúrleri, jasaw sharayatı barlıǵı óz kórinisin tabadı. Tús motivi de sol xalıqtıń milliy qádiriyatlarına súyengen halda kórkem-estetikalıq talǵam sıpatında orın aladı. Xalqımız ázelden tústegi waqıyalar aldımızdaǵı bolajaq islerden eskertedi hám islegen isleriniń durıs yaki nadurıslıǵı haqqında belgi beredi dep júdá isengen. Házirgi kúnimizde de bul isenim tolıǵı menen xalqımızdıń ishki dúnyasında jasap kelmekte. Usı jerde aytıp ótiw orınlı qaysı bir dástandı alıp qarasaq ta, álbette, dúnyaǵa sıymaytuǵın kúshke iye batırdıń bolıwı tábiyiy. Olardı qollawsh pirlerdiń bolıwı, sol pirler batırdıń túsinde bolajaq isti ayan etiwi sıyaqlı epizodlar kóplep ushırasadı. Joqarıdaǵı ilimpazlardıń aytıp ótken sózlerine súyengen halda qaraqalpaq xalıq dástanlarındaǵı pirler obrazı áyyemgi grek mifologiyasındaǵı qudaylardıń obrazları menen baylanıslı ekenligin ayqın kóre alamız. Demek, dástandaǵı waqıyalar da dúnyalıq folklordıń syujetine tayanǵan halda olardıń kompoziciyası jańasha formada jaratıladı eken. Mısal retinde Qoblan dástanında batırdıń tuwılıwı kúshli bir káramatlı túrde júz beredi. Batırdıń ákesine tórt túlik mal, tawsılmas baylıq baylıq bergen, biraq perzent bermegen. Demek, bul jerde de bir áńgime bar bolıwı múmkin. Sebebi, insan tolıǵı menen ideal bola almaydı, hámmeniń de ózine tán kemshiligi boladı. Hámme nárse tolıq, túwel bolsa, onıń qádiri tez solıwı itimal. Sonıń ushın da dástanlarda baylardıń biyperzent bolıw jaǵdayları kóplep ushırasadı. Qaharmanlardıń maqsetine jetistiriw ushın olarǵa hártúrli sınaqlardı berip, pirlerdi jolıqtırǵan. Tús kóriw, jorıw ádetin usılayınsha dástanlardıń eski syujetindegi qaharmanlarıń ájayıp jaratılısı motivin ushıratsaq, jáne bir batırǵa túsinde pirleri tárepinen aldındaǵı bolajaq istiń boljap aytıp beriwine guwa bolamız. Yaǵnıy, dástannıń syujetiniń rawajlanıwı batırdıń jarıqqa shıǵıwına jol ashatuǵın xabar esitiwinen baslanatuǵınlıǵın bilemiz. Ol jaǵdayda da tús kóriw menen onıń jorılıwı qollanıladı. Bul jóninde qazaq xalqınıń belgili folklorist alımı Sh.Íbraev bılay deydi: "Syujetlik baylanıs negizinen bas qaharmannıń bolajaq táǵdiri ushın sheshiwshi máni bar xabardı esitiw menen baylanıslı. Onday xabar xat, sálemnama, monolog, dialog túrinde bolıp qaharmandı is-háreketke baǵdarlaydı. Xabardıń alınıw forması da hártúrli: birewden esitiw, tús kóriw, pal ashıw hám. t.b" [2:115] Bul pikirimizdi Alpamıs dástanı tiykarında dálillep óteyik. Yaǵnıy, dástanda batır tárepinen qandayda bir gúnalı istiń aqıbetinde pirleri tárepinen jazalanıwı sıyaqlı elementler de ushırasadı. Demek, qaharmannıń túsi xabar beriw, eskertiw wazıypasın atqarıp dástan kórkemligin bayıtıp baradı eken. Batırdıń túsinde piri tárepinen aldaǵı bolajaq isler eskertilip atır. Sonday bolǵanı menen de batır túsindegi waqıyalardıń ońında júz beretuǵınına derlik isenimsizlik kózqarasınan qaraydı. "Alpamıs" dástanında bolsa ekinshi bir motivlerdiń (mástan mamanıń hiylesine túsip aldanıwı) beriliwi arqalı waqıya júz beredi hám zindanda jeti jıl qalıp qoyadı. Rasında da túsler dástan qaharmanlarınıń shamshıraǵı bolıp júrer jolın bildirip te turatuǵınlıǵı anıq.

Tús kóriw motivi basqa da qaharmanlıq dástanlarda da ushırasadı. "Qırq qız" dástanında tús kóriw motivi shıǵarmanıń tiykarǵı ideyasına qosımsha máni berip mazmunnıń bayıwına sebepshi bola alǵan. Dástanda Allayar baydıń sársembi kún sáhárde kórgen túsin qızına bayanlap, ishinde bir kewilsiz waqıyanıń júz beretuǵının sezip turǵan qaharmannıń tilinen bayanlanadı. Allayar bay óz túsin qızına jorıtıwdı maqul tawıp túsindegi waqıyalardı birim-birim ayta baslaydı.

Negizinde Allayar túsiniń mánisin ish-ishinen ańlap júregine ǵulǵula túsken edi. Bunı biz tómendegi qatarlardan bile alamız.

Túsinen qattı seskendi,
Yadınan sirá qalmadı.

Biraq, xalqımızda "Tústiń moynı qılday qayda bursań, sonda ketedi" degen ibara biykarǵa aytılmaǵanday, túsin qızına jorıtıwǵa qarar etedi. Baydıń túsinde dawıl, ot, tal tayaq, ala sher, qara jal, qara qus, qara mal, qızıl qan, ash jolbarıs sózleri tuwra mánide emes al awıspalı mánide qollanılıp tús motiviniń kórkemligin bayıtǵan. Bul uqsatıwlar onıń tiykarǵı mánisine júdá jaqın bolıp, júz beretuǵın halat tolıǵı menen kózimiz aldında gewdelenedi. Dıqqat etip názer salsaq, bul tús jumbaq formasında bayanlaǵanlıǵın kóre alamız. Jumbaq xalıq awızeki ádebiyatınıń bay janrlarınan biri. Ol dúnyanıń

barlıq xalıqlarında bar bolǵan xalıqaralıq janr bolıp esaplanadı. Tús penen jumbaqtıń óz-ara uqsaslıǵı hám ózgesheligi boyınsha belgili alım J.Eshonquldıń pikirinshe: “Ekewiniń de tariyxıy tiykarları ertedegi ata-babalarımızdıń mifologiyalıq túsinigi menen tıǵız baylanıslı. Sonlıqtan, túslerdiń de, jumbaqlardıń da payda bolıwında uqsas nızamlıqlar bar. Xosh, bul usaslıq nelerde kórinedi? Biziń túsinigimizde, ol eki derektiń ertedegi túsinikler hám metaforalarǵa tiykarlanǵanlıǵınan bolıp tabıladı.”[3:92] Biz bilemiz, jumbaqlarda qandayda bir predmet awıspalı ekinshi bir predmetke, hádiysege uqsatılıp, “bul ne bolar”? degen soraw qoyıladı hám sońında juwabı beriledi. Bul jumbaq janrınıń shártlerinen biri, tiykarqı specifik ózgesheligi, ózgertiwge bolmaytuǵın nızamlıqarınan bolıp esaplanadı. Bul uqsatıwlar tús motivindegi rámziy belgilerdi kóz aldımızǵa keltiriwi sózsiz. Xalıq dástanlarında jumbaq formasında bayanlanǵan túsler kóplep ushırasadı. Gúlayım atasına aldında bolajaq islerdi aytıp, aldın boljap, bir qanshasın arnap, atasına qarap tústi jorıy baslaydı. “...Bilmeymen, jerińde sel bolar xalıqtıń qanı” dep aldaǵı islerdi qayǵılı túrde jorıydı. Sonda da ol atasına kóp qayǵıra bermeń, “tús túlkiniń boǵı” degen gáp bar túske kóp isenip ózińizge azap bermeń dep kewlin kótergisi keledi. Túslerdiń jumbaq formasında beriliwi ramziy belgilerdiń mánilerin ele de tereńnen túsiniwimizge de járdemin beredi. Negizinde, folklorlıq dóretpeler bir-birine tıǵız baylanıslı ráwishte rawajlanadı, bir-biriniń ornın tolıqtırıp kórkemlik baǵıshlap turadı. Dástanlarda barlıq folklorlıq janrlardıń elementlerin kóriwimizge boladı. Ásirese, salt dástúr jırları ónimli qollanılıp sol dáwirdiń alabın kóz aldımızǵa eleslete aladı. Demek, túslerdiń de jumbaqlı túrde beriliwi de tábiyiy halat sıpatında dep qarawǵa boladı. Tús-dawamlı hádiyse bolıp, al jumbaqlar-tariyxıy folklorlıq jaǵday nátiyjesinde mifologiyalıq túsinik miywesinen poetik túsinik jemisine aylanǵan, biraq úlgilerinde eski túsinik elementleri saqlanıp qalǵan folklor janrı bolıp tabıladı. Jumbaqlardıń tús formasındaǵı kórinisleri xalıq dástanları syujeti quramında kóp ushırasadı hám tiykarǵı kórkem-estetik wazıypalardı atqarıp keledi. Tús rámziy belgiler álemi bolǵanlıǵı sebepli, jumbaqlardıń kópshilik úlgileri rámziy belgiler, túrli kóshpeli poetikalıq túrler negizine qurılǵan.

Juwmaqlap aytatuǵın bolsaq, dástanlardaǵı tús kóriw motivi mifologiyalıq, simbollıq, psixologiyalıq, filosofiyalıq, xabar beriwshilik t.b kórkemlik xızmet atqaradı. Ásirese qaharmannıń ishki dúnyasın, tolǵanısın hártúrli jaǵdaydaǵı kewil keshirmelerin, emociyalıq sezimlik qubılısların sıpatlaytuǵın tús kóriw motivi dástannıń tiykarǵı ideyalıq mazmunın, bayanlanıw ózgesheligin de bayıtıp baradı. Dástanlardaǵı tús kóriw motiviniń kóbirek ushırasıwı real ómirge degen qızıǵıwshılıǵınıń jáne de óz aqıl-parasatınıń sırtında ne turǵanın anıqlawǵa degen talpınıslarınıń artıwınıń nátiyjesin kórsetedi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1. J.Eshonqul “Mif va baadiy tafakkur”. Toshkent- Fan 2019 68 s
2. Ыбыраев Ш. Эпос әлемі.—Алматы: Ғылым, 1993. – 115 б.
3. J.Eshonqul Folklorda tush talqini. Toshkent: Fan, 2011-92 s
4. Maqsetov Q, Dástanlar, jırawlar, baqsılar. Nókis.: Qaraqalpaqstan, 1992.
5. Saǵiytov I.T. Qaraqalpaq xalqınıń qaharmanlıq eposı. Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1985.
6. Бердiбай Р. “Манас” жане казак эпикалык дастури. Алматы:Рауан, 1995.-165-214-б
7. З. Фрейд З. Введение в психоанализ, – М. Наука, 1989. – 455 с.